

KONPARE PLAN YO KAPAB PÈMÈT OU EKONOMIZE LAJAN

REVIZE OPSYON OU YO
SOU [MEDICARE.GOV](https://www.Medicare.gov)



Enskripsyon Ouvri pou Medicare se isit la.

Ane sa a, plan Medicare yo istorikman gen prim ba—ki bese an mwayèn 34% pandan 3 ane pase yo, epi nan kèk eta desann plis pase 50%. Kounye a, se moman pou egzamine opsyon kouvèti asirans ou yo.




Poukisa pou mwen konpare plan yo pou ane k ap vini an?

Menm jan bezwen swen sante ou chanje, se konsa plan Medicare yo chanje tou. Pa asime ke pwoteksyon aktyèl ou a se toujou pi bon chwa ou. Gade plan, depans, ak bezwen sante aktyèl ou yo, epi ale sou [Medicare.gov/plan-compare](https://www.Medicare.gov/plan-compare) pou konpare plan yo. Ou ka jwenn avantaj anplis, ekonomize lajan oswa tou de.



Epi pa bliye, Medicare kouvri piki kont grip la.

Anpil moun ki gen Medicare se Ameriken ki pi aje yo, epi poutèt sa, yo gen plis risk pou gen konplikasyon grav nan grip. Yon piki kont grip se pi bon pwoteksyon ou pou anpeche grip ak pou pa pwopaje li, epi plan Medicare yo kouvri li gratis pou ou lè se yon founisè nan rezo a ki bay li. Pwoteje tèt ou ak lòt yo. Ale kay doktè ou, nan famasi ou oswa lòt founisè lokal pou pran yon piki kont grip.



ENSKRIPSYON OUVRI MEDICARE 15 oktòb - 7 desanm

Konpare plan yo depi lakay ou.

Jwenn plan yo epi jwenn estimasyon pou tout preskripsyon ou yo sou [Medicare.gov](https://www.Medicare.gov). Si kouvèti aktyèl ou a toujou satisfè bezwen ou yo, lè sa a, ou pa bezwen fè anyen.

Ekonomize nan ensilin avèk Medicare.

Apati 1ye janvyè 2021, ou gendwa kapab ekonomize nan depans ensilin yo. Gen plizyè santèn plan medikaman Medicare pou 2021 ki pral ofri apwovizyonman pou yon mwa apati yon bann pwodui ensilin pou sèlman ko-peman \$35 oswa mwens. Ou ka ekonomize an mwayèn \$446 chak ane nan depans ak lajan pòch ou pou ensilin. Ale sou [Medicare.gov/plan-compare](https://www.Medicare.gov/plan-compare) pou chèche plan yo ki gen nouvo ekonomi sou ensilin.

Ou prefere pale sou sa?

Rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)
Itilizatè TTY: 1-877-486-2048

Nou isit la pou ede 24 sou 24 pandan Enskripsyon Ouvri a, ansanm ak wikenn yo tou. Oswa resevwa konsèy pèsonalize ak gratis sou asirans sante gratis nan men Pwogram Asistans sou Asirans Sante Eta (State Health Insurance Assistance Program, SHIP) ou a. Ale sou [shiptacenter.org](https://www.shiptacenter.org) pou jwenn lokal ki pre ou. Anpil SHIP gen sesyon konsèy vityèl ane sa a.

